Èske ou ka jwenn èd pou peye pou yon asirans sante atravè Health Connector?

MASSACHUSETTS HEALTH CONNECTOR

Ou gendwa kalifye si w:

- ☑ Achte yon plan atravè Massachusetts Health Connector
- ☑ Rete Massachusetts
- ☑ Se yon sitwayen ameriken, yon rezidan legal peyi a oswa yon moun ki prezan legalman nan peyi Etazini an
- ☑ Gen yon nivo revni ki fè w kalifye pou kantite moun ki nan fanmi w

Remak: Pou plan ConnectorCare yo, nivo revni ki fè moun kalifye a ant 100% ak 400% nivo pòvrete federal la (Federal Poverty Level, FPL) oswa mwens (gade tablo ki anba a).

Ou pa p kalifye si w:

- ☒ Gen asirans atravè Medicare, MassHealth (Medicaid) oswa yon lòt pwogram asirans sante piblik
- ☒ Nan prizon kounye a
- ☒ Gen posiblite jwenn yon asirans sante ki konplè ou ka peye nan men yon anplwayè

Remak: Si plan asirans sante anplwayè w ofri a koute plis pase 10.22% revni fwaye ànyèl ou a pou 2027 pou chak moun, yo pa konsidere asirans sa a kòm yon asirans ou ka peye.

Enstriksyon sou revni pou chak ane selon nivo pòvrete federal la (FPL) pou 2026*

Kantite moun ki nan fwaye a	Kalite plan ConnectorCare 2A (100-150% FPL la)	Kalite plan ConnectorCare 2B (150-200% FPL la)	Kalite plan ConnectorCare 3A (200-250% FPL la)	Kalite plan ConnectorCare 3B (250-300% FPL la)	Kalite plan ConnectorCare 3C (300-400% FPL la)
1	$15,960–$23,940	$23,940–$31,920	$31,920–$39,900	$39,900–$47,880	$47,880–$63,840
2	$21,640–$32,460	$32,460–$43,280	$43,280–$54,100	$54,100–$64,920	$64,920–$86,560
3	$27,320–$40,980	$40,980–$54,640	$54,640–$68,300	$68,300–$81,960	$81,960–$109,280
4	$33,000–$49,500	$49,500–$66,000	$66,000–$82,500	$82,500–$99,000	$99,000–$132,000
Pou chak moun anplis, ajoute:	$8,520	$11,360	$14,200	$17,040	$22,720
Prim ki pi ba chak mwa pou chak moun*	$0	$55	$107	$158	$242

*Nou itilize nivo pòvrete federal pou 2026 lan pou detèmine kiyès ki gendwa kalifye pou plan Health Connector oswa plan ConnectorCare yo pandan ane plan 2027 la, soti 1ye janvye rive 31 desanm 2027.

Si w ranpli kondisyon sa yo, ou ka gen posiblite jwenn èd pou peye pou asirans sante a.

Ale sou MAhealthconnector.org pou itilize zouti ki rele “Jwenn yon estimasyon” an pou wè plan sante yo ak pri yo.

ATTENTION: If you speak another language, there are free language assistance services available to you. Call 1-877-623-6765 (TTY: 711).

Plan ConnectorCare yo ak kredi taks alavans sou prim yo

Plan ConnectorCare yo gen yon prim ki koute $0 oswa ki koute yon ti kantite kòb piti chak mwa, yo gen depans avèk lajan ki soti nan pòch ou a ki ba, epi yo pa gen franchiz. Moun ki kalifye yo resevwa yon kredi taks alavans sou prim yo epi yo resevwa yon rabè siplemantè nan Eta Massachusetts ki aplike nan bòdwo ou jwenn chak mwa a pou ou peye mwens pou prim ou gen pou peye chak mwa a pou asirans sante w la.

- Pou fwaye ki gen revni ki ant 100% ak 400% FPL la.
- Monta kredi taks la depann de revni w, kantite moun ki nan fanmi w ak kote ou abite a.
- Kalite plan ConnectorCare ou ka kalifye pou li a depann de FPL fwaye w la tou.
- Selon kote ou abite a, ou kapab chwazi youn nan uit konpayi asirans ki disponib yo.

Tout benefis plan ConnectorCare yo kouvri yo ap menm. Depans yo pa menm selon kalite plan an. Rezo pwofesyonèl ak etablisman sante a (doktè ak lopital plan an kouvri) pa menm selon konpayi asirans lan.

Prim mansyèl ConnectorCare yon moun kapab peye kapab apenn:

- **$0** pa mwa pou kalite plan 2A
- **$55** pa mwa pou kalite plan 2B
- **$107** pa mwa pou kalite plan 3
- **$158** pa mwa pou kalite plan 3B
- **$242** pa mwa pou kalite plan 3C

Selon kote ou abite a, ou kapab chwazi yon plan ConnectorCare nan men youn nan konpayi sa yo:

- Blue Cross Blue Shield of Massachusetts
- Fallon Health
- Harvard Pilgrim Health Care
- Health New England
- Mass General Brigham Health Plan
- Tufts Health Plan
- UnitedHealthcare
- WellSense Health Plan

Men yon egzanp ki montre fason ou ka depans mwens grasa ConnectorCare:

Jean gen 45 lane, l ap viv Boston epi li touche $35,000 chak ane. Li kalifye pou kalite plan ConnectorCare 3A ak yon kredi taks $366. Jean chwazi plan ConnectorCare ki gen depans ki pi ba a ki disponib nan zòn li an apre li fin verifye si doktè prensipal li a fè pati rezo pwofesyonèl ak etablisman sante a.

Prim Jean ap peye chak mwa a se $107 sèlman. Etandone li nan yon plan ConnectorCare, li pa gen franchiz, epi li fè mwens depans avèk lajan ki soti nan pòch li a pou bagay tankou medikaman sou preskripsyon ak ko-peman lè li ale kay doktè.

Ou bezwen èd?

Ou kapab jwenn yon èd gratis an pèsòn nan men yon asistan pou enskripsyon k ap travay pou yon òganizasyon patnè kominotè nan zòn ou an. Asistan pou enskripsyon yo se moun ki te resevwa fòmasyon pou ede w aplike epi enskri atravè Health Connector.

W ap jwenn yon lis ki mansyone tout kote ou kapab jwenn èd an pèsòn sou **MAhealthconnector.org/here-to-help**

Massachusetts Health Connector respekte lwa federal ak lwa Eta ki anvigè pou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon akòz ras, koulè, peyi kote moun soti oswa zansèt yon moun ka genyen, sèks, laj, andikap, eta sante oswa pwoblèm sante, kalite lavi oswa kwayans relijye.